

BAB 1 BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Dina hirup kumbuhna manusa mikabutuh pakakas pikeun ngedalkeun rasa, pikiran, jeung kahayangna. Salah sahiji pakakas anu mekar tur dipaké ku manusa dina kahirupanana nya éta basa. Hal ieu teu leupas tina fungsi basa salaku alat komunikasi.

Basa nya éta sistem lambang omongan nu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa kalawan puguh éntép seureuhna (sistematis) tur ragem (konvénasional) antaranggota masarakatna pikeun tujuan patali marga atawa komunikasi (Sudaryat, 1991:1). Dina hirup kumbuhna, manusa tangtu teu bisa leupas tina basa sabab salaku mahluk sosial anu teu bisa hirup sorangan, manusa salawasna ngalakukeun interaksi sarta komunikasi jeung manusa séjénna. Dina ngayakeun komunikasi, manusa ngagunakeun basa pikeun ngedalkeun gagasan, kahayang, rasa, pikiran, sarta angen-angenna.

Salaku alat komunikasi manusa sapopoé, basa mangrupa hiji sistem anu sifatna sistematis sakaligus sistemis. Sistematis maksudna nya éta basa téh ngandung unsur-unsur anu puguh éntép seureuhna, ari sistemis nya éta basa lain mangrupa hiji sistem anu tunggal, tapi kawangun tina sababaraha subsistem, kayaning subsistem fonologis, subsistem gramatikal, jeung subsistem léksikal. Subsistem fonologis ngawengku fonétik anu ngulik sora ucapan (fon) jeung fonémik nu ngulik foném. Subsistem gramatikal ngawengku morfologi nu ngulik kecap, babagian kecap (morfém), katut prosésna; jeung sintaksis nu ngulik

kalimah, babagian kalimah (klausa, frasa), katut prosésna. Subsistem léksikal ngulik kandaga kecap (léksikon) (Sudaryat, 2004:19).

Salah sahiji wangun gramatik téh nya éta kalimah. Kalimah mangrupa konstruksi gramatik maksimal, anu mangrupa bagian pangleutikna anu ngandung pikiran anu lengkep tina hiji wacana, anu diwatesanan ku randegan panjang tur miboga lentong pamungkas turun atawa naék, anu relatif éta konstruksi gramatik téh bisa madeg mandiri (Prawirasumantri, 2000:12).

Nurutkeun jumlah jeung kalengkepan unsur pangwangunna, kalimah téh bisa dibédakeun jadi kalimah salancar, kalimah rangkepan, kalimah ringkesan, jeung kalimah singget. Kalimah salancar nya éta kalimah anu diwangun ku hiji klausa; diwangun ku hiji jejer jeung hiji caritaan, boh dibarengan objék, panglengkep, jeung katerangan, boh henteu (Sudaryat, 1991: 87). Nurutkeun kalengkepan unsur klausana, kalimah salancar téh bisa dibédakeun jadi kalimah salancar basajan jeung kalimah salancar jembar. Salian ti éta, kalimah salancar bisa dipasing-pasing deui nurutkeun warna klausana nya éta kalimah pagawéan jeung kalimah tanpagawéan (Prawirasumantri, 2000:16).

Adegan kalimah salancar bisa kapanggih dina wacana karya sastra, boh karya sastra buhun boh karya sastra modéren. Salah sahijina bisa kapanggih dina karya sastra buhun saperti carita pantun. Carita pantun anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta carita pantun *Lutung Leutik*.

Panalungtikan ieu sorangan pikeun ngabuktikeun yén adegan kalimah salancar téh bisa kapanggih dina karya sastra, teu ngan dina karya sastra modéren wungkul, tapi ogé dina karya sastra buhun saperti carita pantun. Salian ti éta

adegan kalimah salancar dina karya sastra buhun téh bisa dijadikeun salah sahiji bahan pangajaran di sakola.

Panalungtikan ngeunaan adegan kalimah kungsi dilaksanakeun, di antarana waé nya éta: "Kalimah Panyeluk dina Novel *Babalik Pikir* Karangan Samsuedi pikeun Bahan Pangajaran di SMP" (Rina Irawati, 2005), "Adegan Kalimah Aktif dina Kumpulan Carpon *Oknum* Karangan Hadi AKS" (Tevi Sonika Hidayat, 2004), "Adegan Kalimah Pasif dina Kumpulan Carpon *Halimun Peuting* Karangan Iskandarwassid" (Ihat Solihat, 2004), "Adegan Kalimah Ngantét dina Karangan Siswa SLTP Dua Mei Banjaran" (Hasanah, 2001), "Kalimah Paréntah dina Kumpulan Carpon *Djurig* Karya Tini Kartini" (N. Ati Rahmawati, 2002), "Adegan Kalimah Pananya dina Novel *Lain Éta* Karangan Moh Ambri" (Tejaningrum, 2002), Adegan Kalimah Panggero dina Kumpulan Carpon *Jurig, Paséa jeung Nyi Karsih* Karangan Tini Kartini" (Indah Fitriah, 2007), Kalimah Ngantét Satata dina Novel *Payung Butut* Karangan Ahmad Bakri" (Nia Kurniasih, 2007), Kalimah Wawaran Jembar dina Novel *Pangantén* Karangan Dédén Abdul Aziz" (Eulis Nining Supenti, 2007).

Tina katerangan di luhur ébréh yén panalungtikan nu patali jeung kalimah salancar mah can aya. Ku kituna, ieu panalungtikan kalawan judul "Adegan Kalimah Salancar dina Carita Pantun Lutung Leutik pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda di SMA" téh perlu diayakeun anu saterusna disusun pikeun bahan pangajaran basa Sunda di SMA.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Pedaran ngeunaan kalimah salancar téh kawilang jembarna, sabab loba kapanggih dina ragam lisan jeung tulisan. Ku sabab kitu, ieu panalungtikan téh baris diwatesanan medar ngeunaan kalimah salancar dina salah sahiji karya sastra buhun nya éta carita pantun *Lutung Leutik* nu ngawengku adegan kalimah salancar katut bahan pangajaranana.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang jeung watesan masalah di luhur, aya sababaraha masalah anu perlu dirumuskeun. Sangkan leuwih jéntré, gambaran pasualan tina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun kalimah pananya saperti ieu di handap:

- 1) Kalimah salancar naon waé anu kapanggih dina carita pantun *Lutung Leutik*?
- 2) Kumaha adegan kalimah salancar dina éta carita pantun?
- 3) Kumaha harti kalimah salancar dina éta carita pantun?
- 4) Kumaha bahan pangajaran kalimah salancar dina carita pantun *Lutung Leutik* di SMA?

1.3 Tujuan jeung Mangpaat Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung rumusan masalah di luhur, ieu panalungtikan boga tujuan pikeun ngadéskripsikeun adegan kalimah salancar dina carita pantun *Lutung Leutik* katut bahan pangajaranana. Ari déskripsina ngurung:

- 1) Kalimah salancar anu aya dina carita pantun *Lutung Leutik*;
- 2) Adegan kalimah salancar dina éta carita pantun;
- 3) Harti kalimah salancar dina éta carita pantun; jeung
- 4) Bahan pangajaran kalimah salancar di SMA.

1.3.2 Mangpaat Panalungtikan

Aya sawatara mangpaat tina ieu panalungtikan, boh nu sipatna teoritis boh praktis. Tina segi teoritis, ieu panalungtikan téh bisa dimangpaatkeun pikeun ngajembaran pangaweruh ngeunaan kalimah salancar katut téorina patalina jeung kagiatan pangajaran di SMA.

Tina segi praktis, ieu panalungtikan téh bisa dimangpaatkeun ku guru, siswa, jeung lembaga.

- 1) Pikeun guru, bisa ngaronjatkeun atikan pangajaran utamana dina pangajaran kalimah salancar.
- 2) Pikeun siswa, bisa méré pangaweruh ngeunaan kalimah salancar.
- 3) Pikeun lembaga, mangrupa sumbangan ilmiah pikeun panaratas panalungtikan kalimah salancar.

1.4 Anggapan Dasar jeung Tiori

1.4.1 Anggapan Dasar

Nu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan di antarana kieu:

- 1) Kalimah mangrupa salah sahiji ulikan dina sintaksis, anu bisa disusun dumasar kana pola-pola nu tangtu;
- 2) Adegan kalimah salancar bisa kapanggih dina rupa-rupa wacana, misalna waé, dina carita pantun *Lutung Leutik*;
- 3) Kalimah salancar mangrupa salah sahiji bahan pangajaran nu bisa dibarengkeun jeung bahan maca atawa nulis saperti ébréh dina SKKD (Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar) basa Sunda di SMA.

1.4.2 Raraga Tiori

Tiori-tiori anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta *Sintaksis* (Ramlan, 1987), *Sintaksis Basa Sunda* (Prawirasumantri, 200), *Tata Basa Sunda Kiwari* (Sudaryat, Spk., 2007), jeung *Pedaran Basa Sunda* (Sudaryat, 1991). Éta tiori téh digunakeun pikeun dasar medar adegan jeung peran fungsi unsur kalimah salancar.

1.5 Sumber Data

Anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh kalimah salancar dina carita pantun *Lutung Leutik*. Sakabéh kalimah salancar tina éta carita pantun dijadikeun populasi, sakabéh populasi dijadikeun sampel. Jadi, ieu panalungtikan ngagunakeun sampel total.

1.6 Méthode jeung Téhnik Panalungtikan

1.6.1 Metode Panalungtikan

Metode nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif. Ari nu jadi sabab digunakeunana ieu méthode téh lantaran data anu kapanggih téh dikumpulkeun, dipasing-pasing, dianalisis, jeung ditafsirkeun. Data anu didésripsikeunana nya éta sakabéh kalimah salancar nu kapanggih tina carita pantun *Lutung leutik*.

1.6.2 Tehnik Panalungtikan

Tehnik nu digunakeun dina panalungtikan ieu nya éta téhnik ulikan pustaka ari pikeun ngolah data digunakeun téhnik analisis téks. Téhnik ulikan pustaka digunakeun pikeun néangan jeung nangtukeun tatapakan tiori nu aya patalina jeung anu keur ditalungtik. Téhnik analisis téks digunakeun pikeun nganalisis ngeunaan gambaran kalimah salancar nu aya dina carita pantun *Lutung Leutik*.

1.7 Wangenan Operasional

Pikeun cecekelan dina ngalaksanakeun panalungtikan, aya sababaraha istilah anu perlu diécéskeun.

1) Adegan Kalimah

Adegan kalimah nya éta tata susun katut pola-pola dina wangunan kalimah katut babagianana.

2) Kalimah Salancar

Kalimah salancar nya éta kalimah anu diwangun ku hiji klausa bébas; diwangun ku hiji jejer jeung hiji caritaan, boh dibarengan ku objék, panglengkep, jeung katerangan boh henteu (Sudaryat, 1991: 87).

3) Carita Pantun *Lutung Leutik*

Carita pantun kaasup kana karya sastra sampakan, nya éta karya sastra anu dianggap asli, ayana teu kapangaruhan ku karya sastra sején. Carita pantun *Lutung Leutik* nya éta carita pantun anu nyaritakeun ngeunaan lalampahan Radén Bungsu Karma Jaya dina néangan wanoja nu aya dina impénanana, nya éta Bagendansari.

4) Bahan Pangajaran

Bahan pangajaran nya éta sajumlahing matéri anu baris ditepikeun ka siswa dina kagiatan diajar ngajar (Sudjana, 1982: 36).

Dumasar kana wangenan di luhur, anu dimaksud ku adegan kalimah salancar dina carita pantun *Lutung Leutik* pikeun bahan pangajaran basa Sunda di SMA nya éta déskripsi adegan kalimah salancar tina carita pantun *Lutung Leutik* sarta rarancang bahan pangajaranna pikeun murid SMA.